



Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU OGMANTE SEKIRITE POU PYETON AK SIKLIS YO

Lejislasyon S.1078B/A.5084A egzije enstriksyon sou sekirite pyeton ak siklis nan kad kou anvan lisans pou chofè yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon S.1078B/A.5084A, ki egzije nouvo chofè yo aprann sou sansibilizasyon sekirite pyeton ak siklis yo kòm yon eleman nan egzamen anvan lisans lan epi kòm yon kondisyon preyalab pou jwenn yon lisans pou kondui yon veyikil a motè.

"Pi gwo priyorite mwen antanke Gouvènè se kenbe Nouyòkè yo an sekirite, epi se bon sans pou rann obligatwa edikasyon sou sekirite pou pyeton ak bisiklèt pou chofè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lwa sa a pral ede anpeche aksidan ak sove lavi, epi mwen remèsye patnè mwen yo nan Asanble a ak Sena a paske yo te adopte lwa sa a pou rann lari nou yo pi an sekirite".

"Kòm yon paran de ti gason marasa, nouvo lwa sa a ki egzije nouvo chofè yo aprann sou sekirite pou pyeton ak bisiklèt anvan yo jwenn yon lisans chofè definitivman ede mete tèt mwen trankil", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Nouvo lwa sa a pral ede amelyore sekirite pou pyeton ak siklis yo epi redui domaj ak lanmò".

Lejislasyon S.1078B/A.5084A ajoute kourikoulòm nan kou anvan lisans lan ki gen ladan yon apèsi sou lwa sikilasyon ki gouvènè devwa operatè veyikil a motè pou pran prekosyon avèk pyeton ak siklis yo. Lejislasyon sa a egzije tou pou sekirite pyeton ak siklis yo ajoute nan manyèl enstriksyon Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV).

Siyen lejislasyon sa a se dènye mezi Gouvènè Hochul te pran pou ogmante sekirite sikilasyon. Gouvènè Hochul [te siyen lejislasyon](#) pou re-otorize ak elaji itilizasyon rada zòn lekòl Vil New York yo nan 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn. Oktòb pase a, Gouvènè Hochul [te siyen lejislasyon](#) ki etabli yon fon edikasyon pou chofè otobis lekòl, ki te sèvi pou pwoteje sekirite timoun lekòl yo. Ete pase a, Gouvènè Hochul [te anonse](#) achèyman 11.3 milyon dola nan pwojè sekirite pou pyeton yo nan Konte Nassau ak Suffolk.

Senatè Eta Andrew Gounardes te deklare, "Asire chofè yo konnen kijan pou yo pataje wout la san danje avèk pyeton ak siklis yo enpòtan anpil pou kenbe lari nou yo osi sekirite ke posib. Mwen kontan dèske Gouvènè a te siyen pwojè lwa mwen an pou mande edikasyon chofè yo sou pataj wout ki an sekirite, epi mwen espere kontinye efò nou pou mete fen nan vyolans sikilasyon yon fwa pou tout".

Manm Asanble, Emily Gallagher, te deklare, "Edikasyon se yon eleman enpòtan nan konstwi lari ki pi an sekirite, men pandan twò lontan, chofè New York yo te kapab pran wout la san yo pa aprann konpetans debaz pou pwoteje pyeton ak siklis yo kont aksidan ki ka touye moun. Avèk siyati Gouvènè Hochul jodi a, lejislasyon nou an pou elaji kourikoulòm anvan lisans lan kounye se yon lwa. Travay enpòtan sa a dwe kontinye jiskaske tout itilizatè yo sou wout la pwoteje".

Direktè Egzekitif Kowalisyon Siklis New York la, Keith Pickett, te deklare, "Kowalisyon Bisiklèt New York (New York Bicycling Coalition) la bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa bon sans sa a pou edike nouvo otomobilis yo, epi an retou rann wout ak lari nou yo vin pi an sekirite pou moun ki pi vilnerab k ap itilize yo. Manm nou yo nan tout kwen eta a remèsye Gouvènè a ak lejislati a pou etap enpòtan sa a pou lavni".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Bike New York la, Ken Podziba, te deklare, "Nou kontan dèske Gouvènè Hochul mande pou yo ajoute sekirite pou bisiklèt ak pyeton nan kourikoulòm DMV a. Bike New York te goumen pou solisyon senp sa a rive depi plizyè ane paske pyeton ak siklis yo se itilizatè wout ki pi vilnerab yo epi edikasyon ede sove lavi. Nou tout konsène anpil konsènan ogmantasyon ki pa akseptab pou siklis ak pyeton ke veyikil a motè ap touye epi nou pa ka remèsye Gouvènè a ase pou lidèchip li nan batay kritik sa a kont vyolans nan sikilasyon".

Direktè Egzekitif of GObike Buffalo, Justin Booth, te deklare, "Adopsyon pwojè lwa sa a atravè de chanm yo ak siyati lwa sa a se kòmansman yon gwo chanjman pou plis sekirite nan kominote nou yo. Chofè ki pi nouvo ak ki gen mwens eksperyans nan eta nou an pral kounye a resevwa enstriksyon klè sou pataje wout la legalman epi an sekirite avèk siklis yo epi sede ba yo kòm sadwa ak pyeton yo, epi yo dwe pwouve yo konprann enstriksyon sa a pou yo ka jwenn lisans yo. Lari ki an sekirite se objektif òganizasyon ak objektif kowalisyon nou an, epi lwa sa a pral mete nou pi pre objektif sa a".

Danny Harris, Direktè Egzekitif Altènativ Transpò, te deklare, "Li enpòtan anpil pou tout nouvo chofè yo konnen kijan pou yo kondui san danje ansanm ak pyeton yo ak siklis yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul, Senatè Gounardes, ak Manm Asanble Gallagher paske yo fè kou anvan lisans sa a tounen yon kondisyon pou tout nouvo chofè yo. Mezi sa a, ansanm ak lòt lwa sou dwa ak sekirite viktim aksidan ke lejislati a adopte ane sa a, pral ede rann lari atravè New York yo an sekirite".

Ko-Fondatè Fanmi pou Lari San Danje, yon pati nan Kowalisyon pou Lari San Danje a, Amy Cohen, te deklare, "Lari nou yo pa sèlman pou machin. Nan fè

enstriksyon sou sekirite pou pyeton ak bisiklèt yon tounen yon kondisyon pou lisans chofè, Eta New York kapab asire ke tout nouvo chofè konnen kijan pou yo pataje wout la avèk lòt moun. Nan yon moman kote vyolans sikilasyon an ap ogmante atravè eta a, Lwa sou Dwa ak Sekirite Viktim Aksidan yo pi nesèsè ke jamè. Nouvo kondisyon pou lisans chofè sa a, ansanm ak lòt mezi CVRSA yo ke lejislati a te adopte, pral anpeche aksidan ki ka touye moun".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)